



Pou Piblikasyon Imedya: 25/07/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKONEKTE, SOTI DEYÒ: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI OFISYÈL  
WILKESON POINTE NAN PÒ KI ALEKSTERYÈ BUFFALO**

***Amelyorasyon yo fè sou sit la gen ladan elajisman aktivite nan bò lanmè ak  
nouvo restoran Perro & Poni ki pral ouvri byento***

**Foto yo disponib [isit la](#)**

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a ouvèti ofisyèl pwojè amelyorasyon Wilkeson Pointe ki koute 11 milyon dola ak restoran "Perro & Poni" ki pral ouvri byento nan pò ki aleksteryè Buffalo a. Sou yon sit ki mezire prèske twa ekta, yo te renove zòn ki sitiye ant bò lanmè Wilkeson Pointe ak antre ki toupre boulva Fuhrmann nan pou elaji aksè sou sit bò lanmè a epi amelyore eksperyans vizitè yo. Yon nouvo restoran, ekip la ap jere ki dèyè Dog & Pony Saloon ki popilè nan Sid Buffalo, ap ouvri byento ak yon jaden byè relaksan, ak kote pou chita sou sab, yon teras epi yon bèl vi sou dlo a.

"Wilkeson Pointe se youn nan pi gwo kote nan Buffalo pou detant ak lwazi depi plis pase dis ane," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kounye a, kit w ap rankontre ak zanmi, ap pwofite yon pwomnad anplennè oswa ap admire kouche solèy la, nouvo restoran sa a ansanm ak elajisman aksè sou bò lanmè a fè Wilkeson Pointe tounen yon destinasyon anplennè san parèy."

Gouvènè Hochul te anonse tou, pandan vizit li nan Buffalo, ke Victory Cruise Lines, Inc., ki eksplwate de bato 200 pasaje sou gran lak yo, te voye yon lèt angajman bay eta pou di li gen entansyon enkli Buffalo nan vwayaj kwazyè li yo apati ane 2027. [Gouvènè a te deja anonse eta a ap vanse ak plan pou pote kwazyè sou gran lak nan Buffalo.](#)

Angajman Victory Cruise Lines lan lye ak achèvmman enstalasyon tèminal yo nan Buffalo, ansanm ak kondisyon satisfèzan konsènan itilizasyon Victory Cruise Lines ap fè ak kote bato yo akoste sou bòdmè a. Nan yon reyinyon konsèy administrasyon Erie Canal Harbor Development Corporation ki te fèt nan mwa Jen 2025, konsèy la te apwouve yon kontra 1.65 milyon dola pou konsepsyon achitekti ak jeni, epi pou jesyon konstriksyon yon tèminal nan pò ki aleksteryè a. Travay konstriksyon nouvo tèminal bato kwazyè a ta dwe kòmanse nan kòmansman ane pwochèn epi li dwe fini nan mitan ane 2027 la.

Avèk ouvèti Wilkeson Pointe, Perro & Poni ap gen yon meni ki gen savè Tex-Mex odasye, epi y ap sèvi pla fre nan restoran ak sèvis sou kontwa bò lak la. Ideyal pou vizitè k ap chèche yon ti manje rapid, Perro & Poni ap gen yon ba konplè tou ki pwopoze yon seleksyon tekila, kòktèl glase ak byè, yon seleksyon varye byè atizanal lokal ak bwason rafrechisan san alkòl. Gade meni an [isit la](#).

[Kòm youn nan plizyè gwo pwojè sou bò lanmè Buffalo Gouvènè Hochul te anonse an 2022 y ap akselere pou fini pi vit](#), renovasyon Wilkeson Pointe yo te kòmanse nan mwa septanm 2023. Anplis nouvo bilding restorasyon an, amelyorasyon ki fèt sou sit prèske 3 ekta tè a enkli:

- Mezi sekirite pou vizitè yo, tankou deplasman zòn pakin yo lwen dlo a ak lwen santye pyeton sit la
- Twalèt ak espas depo pou ekip jesyon operasyon yo
- Nouvo espas pou chita anplennè
- Deplasman ak elevasyon santye ki toupre arebò dlo a
- Amelyorasyon amenajman peyizaj, entegrasyon espès natirèl ak kreyasyon savann, patiraj ak jaden pou polinizatè

Aktivite lwazi yo retounen nan pak la ak tèren volebòl, yon teras ki ouvri ak yon nouvo kote pou pak gòlf, ansanm ak lokasyon kayak ak bisiklèt epi pwogramasyon pandan tout sezon ete a. Bò lanmè Buffalo te kowòdone yon kalandriye konplè aktivite ki gen ladan match volebòl, evènman aktivite fizik, ak yon seri konsè, anplis ekipman chak jou ki genyen sou pak la, ki pral konplete arive Perro & Poni. Nou ka jwenn plis enfòmasyon nan [www.buffalowaterfront.com](http://www.buffalowaterfront.com).

**Manadjè Jeneral Dog & Pony Saloon, Suzanne Shatzel, te deklare,** "Nou vrèman kontan pouswiv sou wout siksè Dog & Pony Saloon nan Sid Buffalo epi ouvri Perro & Poni nan Wilkeson Pointe. Perro & Poni pral pote savè Tex-Mex ki fre nan pò ki aleksteryè a, epi l ap ofri vizitè yo yon nouvo eksperyans restorasyon eksitan nan youn nan pi bon kote ki atiran sou bò lanmè Buffalo a."

**Prezidan, Direktè Jeneral ak Komisè Empire State Development, Hope Knight, te deklare,** "Avèk nouvo opsyon restorasyon, lwazi ak detant, Wilkeson Pointe ki amelyore a se yon espas ekstraòdinè pou w pwofite bèl peyizaj ak bote natirèl pò ki aleksteryè Buffalo a. Pwojè sa a modènize yon kote abitan Lwès Nouyòk yo apresye anpil depi lontan, epi transfòme li an yon destinasyon enkontounab pou tout moun, pandan l ap ranfòse efò eta a pou revitalize bò lanmè mayifik Buffalo a."

**Prezidan Erie Canal Harbor Development Corporation, Joan Kesner, te deklare,** "Lè nou te inogire amelyorasyon ki fèt nan Wilkeson Pointe yo, nou te fè sa ki prèske enposib: nou te fè youn nan pi bèl kote nan Lwès Nouyòk vin pi agreyab toujou. Gouvènè Hochul te mete pwojè sa a kòm youn nan priyorite li, e rezilta a se yon lòt espas bò lanmè nou fyè de li. Asire w ou mete pò ki aleksteryè a sou lis ou pou vizite

pou ete 2025 la— ke se pou w pran yon bwason rafrechisan, pou w eseye jwe nan gòlf nan pak la, lwe yon kayak, oswa patisipe nan youn nan anpil lòt aktivite ki genyen."

Se Otorite Enèji Nouyòk (New York Power Authority, NYPA) ki bay finansman pou pwojè sa nan kad akò renouvèlman lisans ki asosye ak operasyon pwojè idwo-elektrik Niagara a.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji Nouyòk la, Justin E. Driscoll, te deklare,** "Pò ki aleksteryè Buffalo a te toujou youn nan pi bon kote pou w pwoite bèl peyizaj ravisan rejyon an ak bote natirèl li. Grasa prèske 155 milyon dola finansman Otorite Enèji bay ECHDC, ki enkli 38 milyon dola pou pò ki aleksteryè a, Wilkeson Pointe genyen kounye a ekipman klas mondyal ki pral amelyore eksperyans vizitè yo, epi ki ofri nouvo opòtinite pou restorasyon, lwazi ak detant nan yon anviwònman bò lanmè ki atiran anpil."

Wilkeson Pointe te premye etabli an 2013 nan yon zòn ki jis nan sid Times Beach, sou tèren ki te konn sèvi lontan pou estoke aparèy glas Otorite Enèji Nouyòk (NYPA) a, ansanm ak yon ansyen etablisman soudi prive ak reparasyon bato. Yon envestisman 5 milyon dola eta a te pèmèt yo rekouvri kèk zòn sou sit la ak yon kouch tè pou ouvri pwopriyete a bay piblik la pou premye fwa nan listwa li, ak yon rezo bisiklèt ak santye pou pyeton, yon kote pou pouse kayak nan dlo ak yon pis pou lapèch, yon espas pou jwe, twalèt piblik, yon teras pou evènman, pakin, ak amenajman peyizaj rejeneratè ki sèvi ak plant endijèn ak enfrastrikti vèt tankou kanal drenaj byolojik. Yo te ranfòse arebò pwopriyete a ak gwo wòch pou repare domaj yon pètibasyon dlo te koze deja, pandan yo te enstale eskilti van sou "pwent lan" pou selebre van ki souffle-tout ane a sou sit la.

**Senatè Eta April N.M. Baskin, te deklare,** "Nan 12 ane, transfòmasyon Wilkeson Pointe lan te remakab e enpresyonan. Rezidan ak vizitè yo kapab fyè dèske yo gen pi bon aksè ak bò lanmè a, ak fason inovatè yo itilize pou transfòme ansyen sit endistriyèl yo an espas lwazi, ak elajisman òf pou divètisman, aktivite, ak restorasyon. Mwen pa ka tann pou m mennen fanmi mwen isit la pou m pataje eksperyans sa ak kominote a ansanm ak touris k'ap dekouvri bèl rejyon nou an."

**Manm Asanble Jon D. Rivera te deklare,** "Pandan deseni ki sot pase a, grasa ak yon lidèchip efikas eta a, nou fè gwo pwogrè pou rekonekte kominote Buffalo yo ak bò lanmè a, epi transfòmasyon Wilkeson Pointe lan se yon egzanp briyan de sa envestisman ki reflechi e ki mete aksan sou kominote kapab reyalize. Amelyorasyon sa yo pa sèlman elaji aksè piblik la epi ranfòse sekirite, men yo redefini tou pò ki aleksteryè a kòm yon destinasyon dinamik pou lwazi, detant, ak ti biznis. Avèk tout ajou ak amelyorasyon sa yo, vizitè yo gen plis rezon toujou pou yo reyini, eksplòre, epi pwofite tout sa bèl kot sa a genyen pou l ofri."

**Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz, te deklare,** "Wilkeson Pointe ofri yon peyizaj enkwayab epi l ap vin youn nan pi bon kote pou moun ki ap chèche aktivite lwazi aktif oswa pasif. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li te defann finansman

pou pwojè sa a pou rezidan Konte Erie ak vizitè ki vin nan rejyon nou an ka benefisye de pi bon aksè nan destinasyon bò lanmè sa a."

**Majistra Buffalo, Christopher P. Scanlon, te deklare,** "Wilkeson Pointe vin tounen youn nan destinasyon bò lanmè nan Buffalo ki pi anblematik, e nouvo amelyorasyon sa yo reprezante yon gwo pa nan transfòmasyon bò lanmè vil la. Grasa lidèchip Gouvènè Hochul, investisman Otorite Enèji Nouyòk, epi efò devwe Erie Canal Harbor Development Corporation, n ap bay rezidan yo ak vizitè yo plis rezon pou yo vin eksplore epi pwofite pò ki aleksteryè a. Avèk amelyorasyon nan ekipman lwazi yo, amenajman peyizaj natirèl, epi ak ajou eksitan Perro & Poni, pwojè sa a reflekte vizyon komen nou genyen pou yon bò lanmè ki dinamik, enklizif, epi aksesib, ki selebre bote natirèl ak renesans ekonomik Buffalo."

### **Enfòmasyon sou Erie Canal Harbor Development Corporation a**

Se yon konsèy ki gen nèf manm, kote gen sèt direktè ki gen dwa pou vote ak de (2) direktè dofis ki pa gen dwa pou vote, ki ap dirije Erie Canal Harbor Development Corporation (ECHDC) a. Gouvènè Eta New York la te rekòmande sèt direktè ki gen dwa pou vote yo, epi se Kòporasyon Devlopman Iben Eta New York (New York State Urban Development Corporation) lan ki fè biznis kòm Empire State Development lan antanke sèl aksyonè ECHDC ki nonmen yo. De pozisyon direktè dofis ki pa gen dwa pou vote yo se Egzekitif Konte Erie a ak Majistra Vil Buffalo a.

Antanke filyal Empire State Development, ajans prensipal devlopman ekonomik Eta a, Erie Canal Harbor Development Corporation a ap sipòte epi ankouraje kreyasyon enfrastrikti ak aktivite piblik nan Canalside, koridò Ohio Street ak Outer Harbor ki atire yon mas investisman kritik, prive epi amelyore jwisans bò lanmè a pou rezidan ak touris nan lwès New York yo. Vizyon li se revitalize bò lanmè rejyon Lwès Nouyòk la epi retabli kwasans ekonomik nan Buffalo ki baze sou eritaj fyète, enpòtans iben ak bote natirèl rejyon an. Pou plis enfòmasyon, vizite [isit la](#).

### **Enfòmasyon sou Bò Lanmè Buffalo**

Bò lanmè Buffalo a se yon destinasyon rejyonal ak yon katye divètisman ki an ekspansyon, ki gen ladan kanal ak pò ki aleksteryè. Bò lanmè Buffalo òganize gwo evènman ak aktivite tout kalite chak jou, epi li fè efò pou bay piblik la aksè sou tè ak vwa navigab ki sou kòt Lak Erie a. Gwoup Jesyon Bò Lanmè Buffalo (Buffalo Waterfront Management Group), ki se yon pati nan Gwoup Divètisman Rich (Rich Entertainment Group) — yon filyal Rich Products, bò lanmè Buffalo se kote tout moun, kit se moun zòn nan oswa moun ki pa moun zòn nan ki gen tout laj, ka vin aprann, jwe, epi detann yo. Pou plis enfòmasyon, vizite [www.buffalowaterfront.com](http://www.buffalowaterfront.com).

###

ANILE ENSKRIPSYON OU